


Reparasyon Tanporè nan BQE


Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmti nan Wikenn
Kesyon Moun Poze Souvan



Ki travay yo ap fè nan BQE?

Depatman Transpò Vil New York (NYC DOT) tanmen gwo reparasyon nan Twonson 4 (Grace Court) ak Twonson 34 (Clark Street) apati 2023. Se poutèt sa, yo ap fèmen yon pati nan Brooklyn-Queens Expressway (BQE) soti nan Atlantic Avenue rive nan Sands Street. Objektif travay sa a se asire wout ki gen twa (3) nivo a (triple cantilever) pa reprezante yon danje epi li kontinye rete solid pandan Minisipalite a ap elabore yon plan reparasyon alontèm pou estrikti a. Reparasyon yo ap fè yo se:

- Retire asfalt, beton ak feray ki deteryore a
- Enstale nouvo feray epi mete yon lòt beton
- Repare beton ki anndan Garaj Joralemon Street ak MTA Fan Plant nan Clark Street



Kisa k pral pase?

- BQE ap fèmen nèt nan direksyon Queens (I-278 Lès) soti nan Atlantic Avenue rive nan Sands Street pandan jiska de (2) semèn ki pa youn deyè lòt.
- Liy sikilasyon ki bay nan direksyon Staten Island yo ap rete ouvè.
- Travay preparasyon k ap fèt semèn anvan yo fèmen BQE jou wikenn yo se retire ansyen feray la ak beton an epi enstale plak wout tanporè.

Ki objektif fèmti total la?

- Fèmti pandan 50 èdtan an ap pèmèt NYC DOT retire plak wout tanporè yo, koule nouvo beton epi fè beton an di.

Kilè fèmti nan wikenn yo ap kòmanse?

- Yo ap kòmanse a 2:00 nan maten, samdi 13 avril, epi yo ap fini lendi 15 avril, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten.
- Dènye fèmti BQE a ta dwe kòmanse 1ye jen epi li ta dwe fini 3 jen 2024.

Ki wout devyasyon k ap genyen?

Devyasyon nan direksyon Queens:

- Devyasyon Atlantic Ave – Soti nan Atlantic Ave/Boerum Pl rive nan Tillary St
- Devyasyon Ranp Antre 6th Ave ak 3rd Ave - Soti nan 3rd Ave/ Flatbush Ave rive nan Tillary St
- Devyasyon Ranp Antre Prospect Expressway – Soti nan Hamilton Ave/Hicks St pase nan Atlantic Ave/Boerum Place/Adams St rive nan Tillary St

Devyasyon kamyon:

- Devyasyon Linden Blvd – Soti nan Gowanus Expy rive nan Prospect Expy/soti nan McDonald Ave pase nan Caton Ave rive nan Linden Blvd

Tanpri evite twonson BQE a Pran transpò piblik oswa fè lòt wout

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak kat devyasyon yo, ale sou sitwèb nou an oswa eskane kòd QR la:


www.nyc.gov/bqealert



Reparasyon Tanporè nan BQE

Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmti nan Wikenn

Kesyon Moun Poze Souvan



Kijan mwen ap fè deplase pandan wikenn fèmti yo?

- NYC DOT ankouraje vwayajè yo pou yo pa pase nan twonson BQE a pandan wikenn fèmti yo.
- NYC DOT ankouraje chofè yo pou yo suiv devyasyon yo sijere yo, Pano Mesaj Varyab yo (Variable Message Signs, VMS), Ajan Kontwòl Sikilasyon an ak Responsab Pyeton yo.
- Liy sikilasyon Gowanus HOV ki rezève pou machin k ap vini yo ap rete ouvè atravè Tinèl Hugh L. Carey pou bay yon altènativ pou pati sa a nan BQE.
- **Pa bliye nou P AP KAPAB inyore peyaj (frè moun peye sou wout) nan Hugh L. Carey Tunnel la pandan fèmti wikenn yo.**

Ki antre BQE k ap fèmen oswa devye pandan fèmti nan wikenn nan?

- Ranp antre BQE nan direksyon Queens ap fèmen nan Atlantic Ave, 6th Ave, 3rd Ave, Prospect Expressway, ak Hamilton Ave; yo ap bay wout devyasyon yo.
- Pon Brooklyn ki bay nan direksyon Manhattan nan ap aksesib atravè Sands St, Tillary St, ak Adams St sèlman; Pon Manhattan ki bay nan direksyon Manhattan ap aksesib atravè Nassau St, Flatbush Ave, ak Tillary St sèlman

Kijan sa ap afekte wout bis yo?

- Fèmti an p ap afekte arè bis yo.

Kilè ki ap dènye fèmti nan wikenn nan?

- Apre mwa Avril la, p ap gen fèmti nan wikenn ankò. Gen yon denye fèmti ki ta dwe kòmanse 1ye jen epi ki ta dwe fini 3 jen 2024. Yo ap bay plis enfòmasyon apre fèmti nan wikenn k ap fèt nan mwa Avril la.




Kiyès mwen kapab kontakte pou mwen poze plis kesyon?

- Pou w resevwa dènye enfòmasyon sou pwojè sa a nan imèl, oswa si ou genyen kesyon, tanpri kontakte **Lyezon Kominotè nou an ki se, Anita Navalurkar, nan (347) 647-0876 oswa anavalurkar.consultant@dot.nyc.gov**. Lè ou rele nan nimewo sa a, nou ap retounen w apèl la byen vit.
- **Pou tout sèvis ki pa sèvis ijans nan Vil New York, tankou demann enfòmasyon konsènan pwojè konstriksyon NYC DOT yo, konpoze 311.**
- **Pou ijans yo, tanpri rele 911.**

Reparasyon Tanporè nan BQE

Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmti nan Wikenn


Kat Devyasyon yo



Fèmti Total BQE nan Wikenn pou ale nan Direksyon Queens Devyasyon Atlantic Ave

L ap kòmanse a 2:00 nan maten samdi 13 avril 2024
L ap fini lendi 15 avril 2024, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten

- Fèmti Ranp
- Devyasyon nan Direksyon Queens
- BQE
- Fèmti BQE



Fèmti Total BQE nan Wikenn pou ale nan Direksyon Queens Devyasyon Ranp Antre 3rd Avenue an

L ap kòmanse a 2:00 nan maten samdi 13 avril 2024
L ap fini lendi 15 avril 2024, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten


- Fèmti Ranp
- Devyasyon nan Direksyon Queens
- BQE
- Fèmti BQE



Reparasyon Tanporè nan BQE

Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmtenan Wikenn

Kat Devyasyon yo



Fèmtenan Total BQE nan Wikenn pou ale nan Direksyon Queens Devyasyon Ranp Antre Prospect Expy

L ap kòmanse a 2:00 nan maten samdi 13 avril 2024
L ap fini lendi 15 avril 2024, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten


- Fèmtenan Ranp
- Devyasyon nan Direksyon Queens
- BQE
- Fèmtenan BQE



Fèmtenan Total BQE nan Wikenn pou ale nan Direksyon Queens Devyasyon Kamyon sou Linden Boulevard

L ap kòmanse a 2:00 nan maten samdi 13 avril 2024
L ap fini lendi 15 avril 2024, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten

- Fèmtenan Ranp
- Devyasyon Kamyon
- BQE
- Fèmtenan BQE



Reparasyon Tanporè nan BQE

Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmte nan Wikenn

Devyasyon Anba Laviil Manhattan



Kilè yo ap fè travay nan BQE?

- L ap kòmanse a 2:00 nan maten, samdi 13 avril, epi l ap fini lendi 15 avril, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten.
- Depatman Transpò Vil New York (NYC DOT) ap tanmen gwo reparasyon nan Twonson 4 (Grace Ct) ak Twonson 34 (Clark St). Se poutèt sa, yo ap fèmen yon pati nan Brooklyn-Queens Expressway (BQE) soti nan Atlantic Avenue rive nan Sands Street.

Devyasyon Canal St yo:


Canal St ant Forsyth St ak Allen St

- Liy sikilasyon nan direksyon lwès la fèmen
- Liy sikilasyon bekàn nan direksyon lwès la fèmen
- Nan direksyon lès 1 liy sikilasyon ki kontinye sou wout/ agoch ak 1 liy sikilasyon ki kontinye sou wout nan Eldridge Street
- Nan direksyon lès 1 liy sikilasyon ki kontinye sou wout/ adwat ak 1 liy viraj adwat nan Allen Street

Canal St ant Chrystie St ak Forsyth St

- Liy sikilasyon nan direksyon lwès la fèmen
- Liy sikilasyon bekàn nan direksyon lwès la fèmen
- Nan direksyon lès 1 liy sikilasyon ki kontinye sou wout ak 1 liy sikilasyon ki kontinye sou wout/adwat

Soti nan Canal Street/ Allen Street rive nan Forsyth Street Konfigirasyon Liy Sikilasyon pandan Fèmte nan Wikenn



Si ou genyen kesyon, tanpri kontakte Lyezon Kominotè nou an ki se, Anita Navalurkar, nan (347) 647- 0876 oswa anavalurkar.consultant@dot.nyc.gov.

Tanpri evite twonson BQE a Pran transpò piblik oswa fè lòt wout

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak kat devyasyon yo, ale sou sitwèb nou an oswa eskane kòd QR la:


www.nyc.gov/bqealert



Reparasyon Tanporè nan BQE

Twonson 4 ak twonson 34 - Fèmti nan Wikenn

Restriksyon Pakin sou Atlantic Ave



Kilè yo ap fè travay nan BQE?


- Travay la ap kòmanse a 2:00 nan maten, samdi 13 avril, epi l ap fini lendi 15 avril, a 4:00 nan maten oswa anvan 4:00 nan maten
- Depatman Transpò Vil New York (NYC DOT) pral tanmen gwo reparasyon nan Twonson 4 (Grace Ct) ak Twonson 34 (Clark St). Se poutèt sa, yo ap fèmen yon pati nan Brooklyn-Queens Expressway (BQE) soti nan Atlantic Avenue rive nan Sands Street

Ki kote yo ap retire pakin nan lari a?

- Kote sid nan Atlantic Avenue (soti nan Clinton Street rive nan Boerum Place)
- Kote lès nan Clinton Street (soti nan Atlantic Avenue rive nan State Street)



Soti nan Atlantic Avenue / Clinton Street rive nan Boerum Place Konfigirasyon Liy Sikilasyon pandan Fèmti nan Wikenn



Si ou genyen kesyon, tanpri kontakte Lyezon Kominotè nou an ki se, Anita Navalurkar, nan (347) 647-0876 oswa anavalurkar.consultant@dot.nyc.gov.

Tanpri deplase machin ou an anvan 2:00 nan maten, samdi 13 avril.

Pakin nan ap retounen kote l te ye a Lendi 15 avril a 4:00 nan maten
Pou w jwenn plis enfòmasyon ak kat devyasyon yo, ale sou sitwèb nou an oswa eskane kòd QR la:

www.nyc.gov/bqealert

